



Pou Piblikasyon Imedya: 08/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK LIDÈ MENDÈV YO ANONSE OGMANTASYON BENEFIS
MAKSIMÒM CHAK SEMÈN POU TRAVAYÈ KI P AP TRAVAY YO**

Apati mwa sa a, benefis maksimòm chak semèn nan ap ogmante soti nan 504 dola pou rive nan 869 dola

Ogmantasyon nan benefis UI yo rive an menm tan ak fèmten gouvènman federal Repibliken an ki te afekte 115,000 anplwaye federal nan Nouyòk, sa ki te kite yo san chèk

Gouvènè a ak Lejislati Eta Nouyòk la te ranbouse prè Fon Fidisi a nan bidjè ane fiskal 2026 la, sa ki pèmèt fon an atenn solvabilite, ogmante benefis pou Nouyòkè ki p ap travay yo epi diminye depans pou biznis yo

Yon pati nan efò Gouvènè Hochul pou ogmante benefis pou mendèv Nouyòk la epi pèmèt ekonomize lajan biznis yo

Gouvènè Kathy Hochul ak lidè sendika yo te anonse jodi a ogmantasyon maksimòm benefis asirans chomaj (Unemployment Insurance, UI) chak semèn pou travayè ki pap travay nan tout eta a. Kòm yon pati nan Bidjè Gouvènè a pou Ane Fiskal 2026 la, Eta a te investi prèske 7 milya dola pou ranbouse prè Fon Fidisi UI federal la, epi pou fè fon an vin solvab epi ogmante benefis maksimòm chak semèn nan soti nan 504 dola pou rive nan 869 dola. Ogmantasyon benefis UI yo vini an menm tan ak fèmten gouvènman federal Repibliken an ki afekte 115,000 anplwaye federal nan Nouyòk, sa ki kite yo san chèk.

"Ajanda Donald Trump ak Repibliken Washington yo se yon atak dirèk sou Nouyòkè k ap travay di yo, ak lagè komèsyal san reflechi k ap lakòz pri yo monte an flèche, e kounye a desizyon yo pou fèmten gouvènman federal la kite plizyè milye Nouyòkè san travay e san sipò", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se yon gwo kontras ak tout sa n ap fè isit la nan Nouyòk. Avèk ogmantasyon benefis maksimòm chak semèn yo apati mwa sa a, nou kapab ede Nouyòkè ki p ap travay yo, tankou sa yo ke Repibliken yo nan Washington te lakoz echwe, tout pandan n ap diminye depans pou biznis yo."

Komisè Depatman Travay (Department of Labor) Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, te deklare, "Ogmantasyon benefis maksimòm asirans chomaj chak semèn nan pral ede

Nouyòkè yo anpil pou yo navige pèt travay yo. Ogmantasyon istorik sa a pral ede plis moun debwouye yo lè yo pi bezwen l epi mete lajan dirèkteman nan men moun ki nan chomaj san se pa fòt yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a paske yo te travay ansanm pou peye dèt Fon Fidisi Asirans Chomaj la epi pou fè ogmantasyon sa yo posib."

Anvan pandemi COVID-19 la, Fon Fidisi UI a te gen yon balans pozitif prèske 2.5 milya dola. Sepandan, akòz ralentisman ekonomik pandemi an te koze a, yo te peye rès la bay Nouyòkè yo, sa ki te oblije Eta a prete nan men gouvènman federal la pou l te ka kontinye peye reklamasyon ki kalifye yo. Ranbouse dèt la epi fè fon an vin solvab pèmèt Eta ogmante to maksimòm benefis UI a pou l ka pi byen an akò ak lòt eta yo epi chanje baz salè taksab la pou ede bati rezèv epi estabilize Fon Fidisi UI a pou lavni.

Apati peman yo fè nan semèn 13 oktòb la, kantite maksimòm kliyan yo ka [resevwa chak semèn](#) ap ogmante soti nan 504 dola pou rive nan 869 dola, epi yo prevwa ogmantasyon pou anpil kliyan menm si yo p ap resevwa pi gwo pousantaj la kounye a. [Yo detèmine montan peman](#) benefis chak semèn nan dapre kantite lajan yon travayè te touche pandan yon peryòd debaz espesifik. Nouyòkè yo kapab [itilize zouti sa a](#) pou estime kantite lajan benefis Asirans Chomaj yo resevwa chak semèn.

Lè Eta ranbouse dèt la, li ap mete lajan tou nan pòch pwopriyetè biznis yo, ke to kontribisyon yo te kontinye ap monte pandan y ap peye dèt la. Anplwayè yo p ap resevwa Bòdwo Siplèmantè Evalyasyon Enterè (Interest Assessment Surcharge, IAS) anyèl ankò epi yo prevwa ke yo pral ekonomize an mwayèn 100 dola pa anplwaye an 2026 ak 250 dola an 2027. Anplis de sa, baz salè taksab la pral ogmante an 2026, sa ap ranfòse fon fidisi a alavni epi ede kenbe to taks abòdab pou anplwayè Nouyòk yo alontèm.

Senatè Eta James Sanders Jr. te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan retabli fòs Fon Fidisi Asirans Chomaj Nouyòk la epi bay soulajman ki te dwe fèt depi lontan pou fanmi k ap travay yo. Ogmantasyon sa a—soti nan 504 dola pou rive nan 869 dola pa semèn—vle di ke Nouyòkè ki p ap travay yo ka pi byen sipòte fanmi yo ak kominote yo pandan y ap chèche nouvo opòtinite. Isit la nan Queens, kote moun ki travay di yo souvan fè plizyè travay pou yo rive debwouye yo, ogmantasyon sa a pral ba yo yon vrè espas pou yo respire. Lè nou fin ranbouse prè federal la epi nou retabli solvabilite fon an, n ap ede tou ti biznis yo atravè eta a—sitou konpayi ki posede pa minorite ak fanm yo—pou yo ekonomize lajan epi reyenvesti nan mendèv pa yo. Men kalite pwogrè ekonomik ekilibre Nouyòk bezwen an: pwoteje travayè yo pandan y ap ranfòse fondasyon pou kwasans alavni."

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen fyè anpil dèske Nouyòk te pran mezi pou bay Nouyòkè yo yon sipò enpòtan pandan y ap fè fas ak chomaj ak difikilte ki soti nan pèt revni. Pandan moman ki patikilyèman difisil yo, ak pri lavi a k ap monte ak fèmte gouvènman federal la, li enpòtan pou benefis asirans chomaj (UI) Nouyòk yo bay sipò nesèsè pou fanmi yo ki reflete pri lavi reyèl la. Anba lidèchip Lidè Majorite Stewart-Cousins ak Gouvènè Hochul, Lejislati Eta Nouyòk la te kapab ogmante benefis

maksimòm UI a pou premye fwa depi 2019 epi soulaje chay sou biznis yo plis toujou lè yo peye dèt chomaj federal eta a. Nan Nouyòk, nou angaje nou pou nou bay moun priyorite epi bay sipò nesesè pou ede fanmi yo rete an fonksyon, peye bòdwo yo, epi rekanpe sou pye yo."

Senatè Eta Robert Jackson te deklare, "Asirans chomaj se plis pase yon filè sekirite—se yon alyans ant gouvènman an ak pèp li sèvi a. Lè yon travayè pèdi travay li, li pa dwe pèdi diyite li. Lè Nouyòk fin peye dèt eta nou an epi ogmante benefis chak semèn, li pwouve sa yon gouvènans responsab ye: yon bon jesyon fiskal ansanm ak jistis sosyal. Nan yon moman kote disfonksyon federal la kite 115,000 travayè san salè, eta nou an chwazi yon lòt chemen—yon chemen ki anrasinen nan estabilite, jistis, ak respè pou mendèv la. Se konsa nou pwoteje fanmi k ap travay yo epi ranfòse fondasyon ekonomi nou an."

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Ogmantasyon sa a se yon bon nouvel pou Nouyòk yo. Nan yon moman kote anpil fanmi ap santi enpak fèmti gouvènman federal la, li ankourajan pou wè eta nou an pran mezi pou asire ke moun k ap fè fas ak difikilte ekonomik yo jwenn sipò."

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, "Ogmantasyon benefis chomaj yo vle di yon vrè soulajman pou travayè k ap debwouye yo, epi li ede biznis yo tou. Sa a se sou fè sa ki bon pou fanmi k ap travay yo epi kenbe ekonomi nou an solid ak jis. Mwen remèsye Prezidan Chanm Reprezantan an Carl Heastie ak Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip yo nan fè ogmantasyon sa a ki te dwe fèt depi lontan an rive vre."

Manm Asanble Latrice Walker te deklare, "Sa a se yon bon nouvel pou moun, fanmi, ak pwopriyetè biznis nan distri mwen an ak alantou li. Anpil moun twouve yo pa gen travay pandan y ap toujou fè fas ak chay bòdwo ak depans lakay yo. Ogmantasyon nan benefis maksimòm chak semèn nan ka vle di ke kèk moun p ap oblije fè chwa difisil ant manje ak sèvis piblik yo. Petèt yo pa pral bezwen deside si y ap achte founiti lekòl oswa peye lwaye a. Mwen bat bravo tou pou akò ki genyen ant Gouvènè Hochul ak lidè sendika yo pou ekonomi sa pral pote pou pwopriyetè biznis yo."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Peye dèt UI a epi fè li vin solvab te nesesè pou nou te ka ogmante nivo benefis yo, ki te inèt nan nivo 2019 la ki te 504 dola maksimòm pa semèn. Nouvo benefis maksimòm lan se 869 dola pa semèn epi li endekse a 50% nan salè mwayèn chak semèn, epi li ap ogmante chak ane apre sa. Ogmantasyon benefis sa a adrese pwoblèm abòdablite fanmi yo lè li soulaje chay pou moun ki vin chome yo epi li bay yon filè sekirite vital pou yo ka rive debwouye yo pandan tranzisyon an pou yo jwenn pwochen travay yo a. Mwen rekonesan e mwen remèsye travayè yo ak biznis yo ki te sipòte pwopozisyon Asanble a pou retounen fon fidisi a nan yon eta solvab ak yon ogmantasyon sibstansyèl benefis yo. Benefis chak semèn ki ogmante a patikilyèman enpòtan kounye a paske fanmi nan Nouyòk yo pa ka konte sou gouvènman federal la pou sipòte klas mwayèn nan. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak Prezidan Chanm Reprezantan an Heastie pou asire ke akò sa a pou ede travayè yo te fè pati bidjè final la."

Manm Asanble Alicia Hyndman te deklare, "Anons Gouvènè Hochul ak lidè sendika yo fè jodi a make yon gwo pa annavan pou mendèv ak biznis Nouyòk yo. Ogmantasyon maksimòm benefis asirans chomaj chak semèn nan soti nan 504 dola pou rive nan 869 dola, ansanm ak retablisman solvabilite Fon Fidisi UI a, ofri yon sipò finansye esansyèl pou moun ki pa gen travay, sitou pandan fèmte gouvènman federal la kounye a. Inisyativ sa a espere jenere ekonomi sibstansyèl pou anplwayè yo atravè rediksyon nan to kontribisyon yo, ki reflekte angajman nou anvwè pwoteksyon travayè yo ak rezistans ekonomik."

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Nouyòkè yo travay di pou sipòte fanmi yo epi yo merite sekirite pou yo konnen ke èd la prezan lè yo pi bezwen li. Ogmante benefis chomaj vle di yon filè sekirite ki pi solid ak plis establi pou travayè k ap navige nan moman difisil yo. Mwen rekonesan anvwè Gouvènè Hochul paske li pran mezi pou ranfòse sistèm chomaj nou an, pwoteje djòb yo, epi asire ke Nouyòkè yo pa rete dèyè."

Manm Asanble Al Taylor te deklare^[1]_{SEP}, "Ogmantasyon sa a pa gen pou wè sèlman ak chif, li konsène moun k ap eseye rete flotan pandan y ap travay pou jwenn establi. Twòp Nouyòkè ap manke yon chèk nan kriz la, epi lè travay disparèt, filè sekirite sa a fè tout diferans lan. Lè nou ogmante benefis chomaj yo epi retabli fon an, n ap asire sistèm nan fonksyone jan li ta dwe, pou sipòte travayè yo ak diyite, pa ak dèt. Mwen felisite Gouvènè a paske li abòde pwoblèm nan dirèkteman epi li pwouve ke responsablite fiskal ak konpasyon ka mache men nan men."

Manm Asanble, Sarah Clark, te deklare, "Ogmante maksimòm chak semèn pou asirans chomaj se yon etap enpòtan pou asire diyite ak establi pou travayè k ap fè fas ak difikilte tanporè. Mwen felisite kòlèg lejislatif mwen yo, Gouvènè Hochul, ak lidè sendika nou yo pou lidèchip yo nan pwomosyon jistis tout pandan y ap kenbe disiplin fiskal la tou. Sa a se yon dènye chanjman pou Nouyòkè yo apre latwoublay pandemi an. Sipòte travayè yo kenbe kominote yo solid epi ede fanmi yo pwospere atravè eta nou an."

Manm Asanble Jenifer Rajkumar te deklare, "Asirans chomaj se yon liy sovttaj ki pèmèt Nouyòkè yo mete manje sou tab yo, peye lwaye, epi simonte tranzisyon ki pi difisil nan lavi a avèk diyite. Semèn sa a, travayè yo pral wè yon ogmantasyon rekò 365 dola nan benefis maksimòm chak semèn nan. Mwen fyè dèske mwen se yon vwa prensipal ki sipòte travayè ki itilize UI yo, piske mwen te entwodui yon lejislasyon pou egzante benefis sa yo de taks sou revni Eta a. Mwen fyè menm jan an tou dèske mwen te travay avèk Gouvènè Hochul pou enkli ogmantasyon benefis yo nan bidjè nou te vote a, pandan m ap pran mezi pridman fiskalman pou ranbouse prè 7 milya dola Fon Fidisi UI nou an. Nan yon epòk pri k ap monte ak plis pase 100,000 anplwaye federal nan Nouyòk an konje tanporè, n ap mete lajan nan pòch Nouyòkè yo lè yo pi bezwen l, tout pandan n ap sipòte biznis yo lè nou bese to kontribisyon yo. Ansanm, n ap asire chak Nouyòkè gen yon liy sovttaj finansyèl pou yo ka kanpe sou de pye yo epi bati yon avni ki pi briyan."

Manm Asanble Nikki Lucas te deklare, "Mwen fyè dèske mwen te travay avèk Gouvènè Hochul ansanm ak kòlèg mwen yo pou asire ke chomaj la pwoteje pou tout Nouyòkè, tankou moun ki nan distri 60 la (East Nouyòk, Canarsie, Brownsville). Travay nou akonpli lè nou fin peye dèt la pèmèt nou ogmante asirans chomaj la soti nan 504 dola pou rive nan 869 dola apati mwa sa a. Sa a gen pou wè ak mete Nouyòkè yo an premye, ede yo mete plis manje sou tab la epi ede fanmi yo pwogrese. Antanke lejislatè, nou la pou nou mete moun an premye e mwen p ap sispann goumen jiskaske chak kominote santi enpak sa a."

Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare, "Ogmantasyon sa a nan benefis chomaj la se pou diyite ak establi pou fanmi k ap travay yo. Nan Bronx la, chanjman sa a vle di ke plis fanmi pral gen sipò reyèl pou yo ka mete manje sou tab la. Ansanm ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a ak Gouvènè Hochul, nou te bay yon soulajman enpòtan pou Nouyòkè ki pap travay yo ak ekonomi pou ti biznis yo."

Manm Asanble Stefani L. Zinerman te deklare, "Ogmantasyon benefis chomaj yo plis pase yon sipò tanporè — li bay Nouyòkè yo sekirite pou yo konsantre sou jwenn yon travay ki sipòte tèt yo ak avni yo. Lè nou ranfòse benefis sa yo, n ap ede moun yo rete estab finansyèman, n ap bay travayè yo espas pou yo pouswiv travay ki gen sans e ki soutni fanmi yo, epi n ap sipòte biznis lokal yo ki kenbe katye nou yo pwospere."

Manm asanble Monique Chandler-Waterman te deklare, "Reyalizasyon sa a se yon viktwa klè pou Nouyòkè klas ouvriye yo. Pandan twò lontan, travayè ki pa gen travay yo te oblije siviv ak benefis ki pa ajou e ki pa ase, men pa genn bagay konsa ankò. Ogmante benefis maksimòm chak semèn nan soti nan 504 dola pou rive nan 869 dola se yon pa annavan ki fonsè e nesèsè ki pral bay plizyè milye fanmi establi, diyite ak sipò finansye yo merite pandan peryòd ensètitud ekonomik yo. Etap sa a ouvri chemen pou nou modènize epi ranfòse sistèm chomaj nou an, asire yon aksè pi rapid ak pi fyab a benefis yo, epi bay fanmi yo yon vrè soulajman lè yo pi bezwen li. Nan yon moman kote plis pase plizyè milye travayè federal nan Nouyòk ap pran konje tanporè san peman akòz yon fèmte gouvènman Repibliken san reflechi, ogmantasyon sa a pa t ka pi ijan. Aksyon sa a asire ke moun ki travèse moman difisil yo pa rete dèyè, epi n ap fè sa pandan n ap ekonomize lajan ti biznis nou yo epi n ap reprann solvabilite yo t ap tann depi lontan nan sistèm chomaj la. "Men ak kisa ekite sanble. "Men ak kisa lidèchip sanble. Epi se konsa nou pral bati yon Nouyòk ki pi solid pou tout moun."

Manm Asanble George Alvarez, te deklare, "Ogmantasyon sa a nan benefis chomaj la se yon liy sovaj pou plizyè milye Nouyòkè k ap travay di k ap lite pou rive debwouye yo. Lè yo retabli Fon Fidisi Asirans Chomaj la epi ogmante benefis maksimòm nan, Gouvènè Hochul ak Lejislati a ap asire ke travayè ki pèdi travay yo san yo pa gen fot ka pran swen fanmi yo avèk diyite. Aksyon sa a pa sèlman ranfòse fòs mendèv nou an, men tou li ede estabilize ti biznis yo ak ekonomi nou an isit la nan Bronx la ak atravè eta a."

Manm Asanble Steven Raga, te deklare, "Lè nou fin peye dèt sa a nèt epi nou estabilize Fon Fidisi Asirans Chomaj la, n ap fè ekonomi enpòtan ki pral pèmèt

anplwayè yo reyenvesti nan salè, anbochaj ak kominote yo—pandan n ap retabli benefis pou moun k ap chèche travay ki te fè fas ak benefis plafonnen depi 2019. Nan yon moman kote administrasyon federal la ap bay 115,000 Nouyòkè konje tanporè, aksyon sa a bay soulajman ak sipò yo bezwen anpil pou fanmi k ap travay di yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan garanti viktwa sa yo pou anplwayè yo ak travayè yo."

Manm Asanble Tony Simone te deklare, "Ogmantasyon nan benefis chomaj chak semèn yo se yon lòt siy ankò ke Eta Nouyòk la bay Nouyòkè yo sa yo bezwen. Lè nou peye dèt Fon Fidisi Chomaj nou an yon fason responsab nan bidjè ane sa a, kounye a nou nan yon pozisyon pou nou mete plis lajan nan pòch travayè yo lè sa nesèsè, bati rezèv, tout pandan n ap diminye to kontribisyon pou biznis yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie ak Lidè Majorite Stewart-Cousins pou jesyon fiskal responsab yo nan fon fidisi chomaj la."

Manm Asanble Landon Dais te deklare, "Nan yon moman kote sipò federal la ap diminye, Nouyòk ap pran devan. Aksyon Gouvènè Hochul la pou ogmante maksimòm benefis chomaj chak semèn nan soti nan 504 dola pou rive nan 869 dola pa sèlman yon chif; se yon liy sovtaaj pou plizyè milye Nouyòkè k ap travay di ki twouve yo ant yon djòb. Lè nou fin ranbouse prè Fon Fidisi a epi nou retabli solvabilite a, n ap ranfòse filè sekirite sosyal nou an epi n ap pwouve yon lòt fwa ankò ke Nouyòk pran swen tèt li. Sa pa sèlman yon kesyon lajan; se yon kesyon diyite, estabilite, epi pou asire ke yo pa neglije vwazen nou yo. Mwen fyè pou m kanpe ak Gouvènè a ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a pou asire ke Nouyòk rete yon eta ki pwoteje travayè li yo epi ki bati yon ekonomi ki pi solid ak pi rezistan pou tout moun."

Manm Asanble Noah Burroughs, te deklare, "Nan yon moman kote anpil Nouyòkè ap santi presyon ogmantasyon pri yo, ogmantasyon sa a ofri yon soulajman enpòtan. Se yon rapèl ke gouvènman an fonksyone pi byen lè li mete moun an premye epi li pran mezi pou pwoteje fanmi k ap travay yo."

Manm Asanble Judy Griffin te deklare, "Mwen te fyè pou m te sipòte amelyorasyon nan sistèm asirans chomaj Nouyòk la nan bidjè leta a. Peman prè Fon Fidisi Asirans Chomaj la ki te fèt pandan pandemi COVID-19 la bay biznis Nouyòk yo yon soulajman finansye yo bezwen anpil, epi ogmantasyon benefis maksimòm chak semèn nan pou pi byen reflekte pri lavi a asire plis Nouyòkè ap kapab satisfè bezwen yo pandan moman bezwen yo. Pandan gouvènman federal la neglije priyorite Nouyòkè yo, gouvènman eta nou an ap kontinye pran mezi ki gen bon sans pou sipòte biznis ak rezidan Nouyòk yo."

Manm Asanble Larinda C. Hooks, te deklare, "Jodi a make yon viktwa pou fanmi k ap travay nan tout Nouyòk. Ogmantasyon benefis chomaj chak semèn nan pral bay moun ki nan moman difisil yo yon pi bon filè sekirite, epi yon chans jis pou yo rekanpe sou pye yo. Men sa gouvènman an ta dwe fè; defann pèp la, pwoteje diyite yo, epi asire ke chak Nouyòkè gen opòtinite pou yo rekipere tèt yo, rebati, epi leve pi fò pase anvan."

Manm Asanble John Zaccaro, Jr., te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te pran mezi enpòtan sa a pou ogmante benefis maksimòm chak semèn pou travayè ki p ap travay yo. Toupatou nan eta nou an—e sitou isit la nan Bronx la—n ap fè fas ak yon kriz ekonomik. Pou travayè sezonye yo oubyen travayè ki pèdi travay yo, an gwo pati akòz fèmti gouvènman Prezidan Trump la, ogmantasyon benefis sa a pral ede yo anpil pou kouvri depans esansyèl tankou lwaye, manje ak lòt nesosite jiskaske yo kapab jwenn yon travay."

Manm Asanble Micah Lasher, te deklare, "Ogmantasyon sa a nan benefis chomaj yo demontre angajman san fay Nouyòk pou sipòte fanmi k ap travay yo fas a ensètitud federal la. Lè Nouyòk rive nan yon nivo solvabilite pou Fon Fidisi UI a, li ranfòse sekirite sosyal la, li sipòte ti biznis nou yo, epi li pwoteje Nouyòkè yo alontèm."

Prezidan AFL-CIO Eta Nouyòk la, Mario Cilento, te deklare, "Pandan peryòd kawo ak konfizyon sa a nan Washington, isit la nan Nouyòk, nou fyè dèske n ap pran mezi pou sipòte travayè k ap lite pou yo rive debwouye lè yo twouve yo san travay, san se pa fòt yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins, ak Prezidan Chanm Reprezantan an Heastie paske yo te rekonèt bezwen ijan pou ogmante benefis yo anpil, pou asire ke travayè yo ka pi byen sipòte tèt yo ak fanmi yo pandan peryòd chomaj yo."

Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta Nouyòk (New York State Building Trades) la, te deklare, "Li enpòtan pou nou fè sa nou kapab pou ede Nouyòkè sa yo ki petèt pa gen travay oswa ki pa jwenn sipò akòz sikonstans ki pa sou kontwòl yo, sitou pandan moman difisil sa a. Bay moun sa yo ki travay di yo mwayen pou yo kontinye sipòte fanmi yo epi kontribye nan kominote yo sèlman benefisye ekonomi nou an nan tout sans epi soutni klas mwayèn nan. Nou felisite Gouvènè Hochul ak Komisè Reardon paske yo te pouse ogmantasyon sa a nan benefis yo pou pi devan, ki pral finalman ede plis moun kanpe sou de pye yo ankò epi kenbe yo nan yon bon pozisyon pou kontinye karyè yo apre tanpèt sa a fin pase."

Rick Maroko, Prezidan, Hotel and Gaming Trades Council (Konsèy Metye Otelri ak Jwèt Aza), te deklare, "Nan kòmansman ane sa a, fanmi k ap travay nan Nouyòk yo te genyen yon gwo viktwa lè Gouvènè Hochul ak lejislati a te peye dèt Fon Fidisi Asirans Chomaj la, sa ki te pèmèt benefis maksimòm chak semèn nan ogmante plis pase 350 dola. Mwa sa a, liy sovtaaj sa a pral antre an vigè. Kit se nan ensètitud akòz fèmti gouvènman federal la ki ap kontinye a oswa yon konfli travay, Nouyòkè yo ak fanmi yo merite sekirite finansyèl lè y ap fè fas ak chomaj. Mwen fyè pou selebre viktwa sa a, non sèlman pou travayè otelri yo, men pou tout travayè atravè Nouyòk yo."

Prezidan Federasyon Anplwaye Piblik (Public Employees Federation) la, Wayne Spence, te deklare, "Gras a lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Asanble a Carl Heastie, Nouyòk ap ogmante sipò li pou travayè ki p ap travay yo ak fanmi yo. Avèk gouvènman federal la ki fèmen, 115,000 travayè federal nan eta nou an te an konje tanporè epi yo rete san chèk. Gouvènè Hochul ap montre nasyon an kijan sa ye lè w ap goumen pou travayè yo pou

fanmi yo ka peye lwaye yo epi mete manje sou tab yo. Lè w pa gen travay, yon pwoteksyon adisyonèl sou chèk salè w ap kontribiye w anpil. Manm PEF yo nan Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la ede administre pwogram asirans chomaj la epi yo pral rekonesan pou pote bon nouvèl la bay Nouyòkè yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)